

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
EKITE AK BYENNÈT

Konsantman Paran/Responsab pou Sèvis Sante nan Lekòl

Paran/responsab dwe ranpli sa a epi retounen l nan lekòl la pou bay konsantman pou elèv ki idantifye anba a resevwa nenpòt nan sèvis sante lekòl ki endike anba a. Tout seksyon yo dwe ranpli.

# Elèv la	Prenon Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati Elèv la	Sèks	Dat Nesans
Prenon Paran/Responsab		Siyati		Nimewo Telefòn	Lyen ak Elèv la

Jan F.S. 1014.06(1) egzije sa, paran oswa responsab legal dwe otorize ajans sante yo pou yon pwofesyonèl sante oswa delege yo, bay pitit yo sèvis sante, jan sa defini nan F.S. 456.001 ak 1006.062, si gen nesese pou tretman sa a, pandan pitit yo anba sipèvizyon lekòl la.

Lè sa nesèsè, y ap pèfòme sèvis sante ijans tankou premye swen, reanimasyon kadyopilmonè (CPR) oswa itilizasyon yon defibrilatè ekstèn otomatik (AED) jiskaske sèvis medikal ijans rive nan lekòl la.

Pou chak sèvis chwazi Wi oswa Non:

Sèvis swen sante ki enkli swen ak tretman pou maladi ak blesi: Wi Non

Wi - repons wi pral otorize tretman sa yo ki gen ladan, men se pa sa sèlman, blesi oswa maladi grav oswa mwen grav yo rapòte oswa obsève pandan elèv la nan lekòl la. Si w pa reponn, sa ap vle di "non" pou tretman swen sante.

Non - repons non ap lakòz nou rele paran oswa responsab pou vin chèche elèv la pou tout pwoblèm medikal. Sa ap fèt nan tout ka kote elèv yo santi yo malad, gen yon tèt fè mal oswa aksidan tankou blesi, grafouyen, konkonm, oswa kontizyon. Y ap rele EMS pou nenpòt sityasyon yo konsidere ki grav.

Tès pou tande: Wi Non

Tès Eskolyoz: Wi Non

Tès pou kwasans ak devlopman (endis pwa): Wi Non

Tès vizyon: Wi Non

Remak: Y ap egzije fòm sa a, anplis otorizasyon yon doktè, pou anplwaye klinik lekòl la oswa anplwaye lekòl la pou administre chak jou oswa jan sa nesèsè, medikaman avèk oswa san preskripsyon, fè pwosedi medikal oswa bay tretman medikal.

Mwen konprann konsantman sa a ap rete anvigè jiskaske elèv ki endike anwo a transfere nan yon lòt distri lekòl, gradye oswa mwen endike alekri mwen vle anile konsantman sa a pou sèvis sante lekòl la.

Siyati Paran/Responsab

Paran/Responsab Ekri an lèt detache

Dat